Гьеб бук1ана 1891 сон-гьесул пагьмуялъулги пасих1лъиялъулги гъансиниб лъураб т1оцебесеб хазиналъун жиб ккараб «Г1алибегил гьве» абураб кеч1 хъвараб сон.
Гьес С. Стальскиясда (проекторалда суратал кьола) цадахъ кьуч1 лъуна т1олабго Дагъистаналъул г1аммаб советияб литератураялъе. Гьесда лъик1 лъалаң г1арабазул литература. Х1амзат шаг1ир гуревги вук1ана драматург, хъвалаан критикаялъул, публицистикаялъул, литератураялъул х1акъалъулъ х1алт1аби.
Х1амзатица нахъа тана бечедаб адабияб ирс: руго гьесул маргьабиги, баснябиги, сатириял асаралги,поэмабиги,публицистикаги,таржамабиги.
Г1ужда щолеб, бег1ераб пасих1аб каламалъул устар - гьесул куч1дуздасан цо-цо мухъал халкъиял абиязде, биценазде сверана. Гьел куплетал халкъалда рек1ехъе лъала.

Муг1алим: Баркала, Дица цодагьаб т1адежубай гьабила дарсил темаялде.
Ц1адаса Х1амзат «Дир г1умру».
*Слайд 5, 6-* дарсил тема, масъалаби, мурадал.
Нилъер масъала: шаг1ирасул г1умруялъулгун, ширг1ияб ирсалъулгун дагьаб г1ат1идго лъай-хъвай гьаби, калам цебет1езаби, пикру бег1ери, жакъасеб кьоялъулгун малъулеб асарлъул бухьен ч1езаби.
*Слайд 7 –дарсил эпиграф*
Муг1алим: ц1але ва к1вар кье дарсил эпиграфалде.
Ц1алдохъаби: *Х1амзат, дур асараз инсан куцана,*
*Бец1ал г1адатал къаникьги рукъун.*
*Муг1алим:* Баркала, нилъ жеги гьелде т1адруссина. Гьабсаг1ат нилъеца гьабизе буго литературияб диктант. Т1убалеб къаг1ида: дица ц1алулеб предложение нужеца лъуг1изабизе.
Слайд-8 –Литературияб диктант:
1. «Дибирги г1анхвараги» абураб кеч1алъул автор…
Ц1алдохъаби: Ц1адаса Х1амзат
2. Жиндир хасав автор вуГеб асар ккола…
Ц1алдохъаби: Литературияб.
3. Инкъилаб абураб раг1иялъул синоним …
Ц1алдохъаби: революция
4. Ц1адаса Х1амзатил революциялда цересел асарал …

Ц1алдохъаби: «Ашбазалде», «Г1алибегил гьве», «Дибирги г1анхвараги».
5. Кинаб жанралъе кьуч1 лъураб Ц1. Х1амзатица …
Ц1алдохъаби: сатираялъе.
6. Сатириял асараз къват1иб ч1вазабула…
Ц1алдохъаби: г1унгут1аби
Слайд 9 - Викторина «Асаралъул ц1ар ва автор абе»